



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOUVASYON PLAN ENVESTISMAN POU 154 LEKÒL ENTÈLIJANT YO, KI TOTALIZE 103.2 MILYON DOLA

Fèmen “Digital Divide” (“Frakti Nimerik”) epi Ogmante Aksè a Teknoloji ansanm ak Entènèt Wo Debi a Wot Vitès nan Plizyè Santèn Lekòl Atravè New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a apwouvasyon 154 Plan Investisman Eskolè Entèlijant (Smart Schools Investment Plans) ki te vize remanye ansèyman ak aprantisaj pou 21^{yèm} syèk lan. Plan ki apwouve yo, ki ap totalize 103.2 milyon dola, fè pati Lwa Obligasyon Eskolè Entèlijant (Smart Schools Bond Act) 2 milya dola a - ki se yon inisyativ teknoloji edikasyon revolisyonè ki te pwopoze an premye pa Gouvènè a, epi ke elektè yo te vote an mas. Investisman ke yo te otorize jodi a yo pral modènize sal klas yo atravè New York epi ekipe etidyan yo ak aptitud ke yo bezwen pou kapab pwospere nan ekonomi global la.

“Lè nou investi nan teknoloji modèn pou sal klas yo atravè eta a, nou ap elaji opòtinite edikatif yo, ogmante angajman etidyan an, bay bourad pou akonplisman, epi fèmen frakti nimerik lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa ekipe etidyan yo ak aptitud ak teknoloji ke yo bezwen pou kapab reyisi nan ekonomi modèn lan epi konstwi yon New York ki pi djanm pou tout moun”.

Komite Revizyon Lekòl Entèlijant lan (Smart Schools Review Board) te rankontre pou senkyèm fwa jodi a pou kapab konsidere plan investisman yo ke distrik lekòl yo te soumèt yo. Komite sa te konpoze ak Direktè Bidjè a, Rektè Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY), ak Komisè Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department).

136 distrik lekòl ak 8 lekòl edikasyon espesyal te soumèt plan ki te apwouve jodi a yo. Pwojè yo gen ladan 43.3 milyon dola pou pwojè konektivite yo, 40.6 milyon dola pou acha teknoloji pou sal klas yo, 15.6 milyon dola pou pwojè sekirite wo teknoloji yo, ak 3.7 milyon dola pou konstwi sal klas pre-kindègadenn yo epi pou ranplase sal klas transpòtab yo.

W’ap jwenn yon rezime 154 plan yo ki disponib [isit la](#).

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Eta New York pou li investi 2 milya dola nan lekòl li yo atravè Lwa Obligasyon Eskolè Entèlijant an – ki se yon inisyativ ki ta pral

finanse teknoloji edikatif ak enfrastrikti, k ap bay elèv yo aksè a teknoloji ki pi modèn, ak koneksyon ke yo bezwen pou kapab reyisi epi rivalize nan ekonomi 21^{yèm} syèk lan. Nouyòkè yo dakò, pliske elektè yo te otorize Lwa Obligasyon Eskolè Entèlijant lan nan mwa Novanm sa.

Swit ak pwopozisyon Lwa Obligasyon sa, Gouvènè Cuomo te etabli Komisyon Lekòl Entèlijant an (Smart Schools Commission) pou rasanble enfòmasyon sou estrateji sou kòman lekòl yo ka investi finansman sa yo yon fason ki pi efikas. Komisyon konsiltatif sa te pwodwi yon [rapò final](#) ki te rekòmande pou yo met atansyon sou devlopman band laj ki solid ak koneksyon san fil, epi itilize teknoloji transfòmatif yo. Plan sa yo ki te apwouve jodi a pa Komite Revizyon Lekòl Entèlijant yo te reflekte anpil nan pi bon pratik ke Komisyon an te idantifye yo.

Direktè Bidjè Eta a Robert F. Mujica te deklare, “Pwogram Lekòl Entèlijant lan ap revolizyone sal klas yo nan New York epi plan ki te apwouve jodi a yo pral fè vanse aprantisaj, asire konektivite, epi pozisyon elèv yo pou jwenn reyisit nan ekonomi demen an”.

Delege Depatman Edikasyon Eta a MaryEllen Elia te deklare, “Nou ap asire ke lekòl nou yo gen bon zouti teknolojik yo ak kapasite pou konekte elèv yo ak mond lan pou kapab ede timoun sa yo pou fiti, kit se nan inivèsite oswa mendèv la. Distrik lan ap fè investisman majè nan konektivite eskolè, sekirite eskolè, ak nan materyèl endividyèl yo ki pral pèmèt elèv yo agrandi konesans yo, pratike aptitud yo kote yo bezwen asistans adisyonèl, epi aprann kijan pou kominike epi pataje konesans yo ak lòt moun”.

Rektè SUNY an, Nancy L. Zimpher te deklare: “Elèv nou yo jwenn pi bon sèvis lè pwogrè nan teknoloji yo, resous yo, ak zouti yo rive nan men pwofesè nou yo. Investisman pèmanan Gouvènè a nan Lekòl Entèlijant yo jis fè sa, epi plis elèv kontinye benefisye de sa. Sipò finansye sa ke yo bay jodi a pral ranfòse abilite elèv nou yo pou ka reyisi nan klas yo, nan karyè pwofesyonèl fiti yo, ak nan lavi a”.

###